

Enfòmasyon sou grip: Konsèy pou fanmi kote gen moun ki gripe ou ki ta sanble gripe

Kijan grip la gaye: Grip la pase de yon moun a yon lòt nan ti gout krache ki gaye nan lè a lè yon moun touse oubyen etènne. Ti gout sa yo ki soti nan yon moun ki gripe mache al depoze sou bouch ak nen lòt moun ki tou pre. Jèm grip la gaye tou lè yon moun touche bouch li, nen li, oubyen zye li apre li fin manyen yon lòt moun oubyen yon lòt bagay kote ti gout yo te depoze.

Kijan nou ka kanpe epidemi an: Pwoteje moun nan fanmi an ki pa malad.



- Pa kite moun ki malad la pre rès moun nan fanmi an, si posib mete li nan yon chanm ki pa kole ak pyès kote tout mou nap pase. Depi nou kapab, mete yon mas sou figi nou lè nou nan pyès kote tout moun nan kay la ap pase.
- Fè moun ki malad la sonje pou li bare figi li lè li ap touse e pou li itilize dlo ak savon oubyen ti mouchwa ki gen alkòl ladan pou lave men li.
- Fè tout moun nan fanmi an lave men yo souvan.
- Pa mele sèvyèt moun ki malad la ak pa rès moun nan kay la. Netwaye twalèt la ak dezenfektan chak jou.

- Si sa posib, fè yon sèl moun pran swen moun ki malad la.
- Mande kote w al pran swen sante a si pa gen moun lakay ou ki ta dwe pran medikaman antiviral pou anpeche yo pran grip la.
- Pa kite moun ki ap bay swen an rete fas a fas ak moun ki malad la.

Veye moun nan kay la pou wè si yo pa gen sentòm grip la :

Itilize lis sa a pou w wè si ou menm oubyen yon moun nan kay la pa gen grip la.

- Wi Non Èske ou menm oubyen pitit ou ap touse ?
- Wi Non Èske ou menm oubyen pitit ou ap gen gòj sere ?
- Wi Non Èske ou menm oubyen pitit ou gen tèt fè mal, gen doulè, santi fatig, oubyen fè yon refwadisman ?
- Wi Non Èske ou menm oubyen pitit ou ap vomi oubyen gen dyare ?
- Wi** Non **Èske ou menm oubyen pitit ou gen la fyèv ki rive 100 degre oubyen pi wo ?**

Èske sentòm sa yo vle di ke se yon maladi tankou grip la?

Si ou tcheke **Wi** pou lafyèv 100 degre a **Ansann ak** pou touse ak gòj sere a, ou gen yon maladi ki ta sanble ak grip. Pou anpeche maladi a gaye, granmoun ou timoun ki malad la **ta dwe rete lakay li pandan 7 jou apre sentòm sa yo parèt la oubyen jouk li ta va pase omwen yon jounen antye san li pa gen sentòm maladi a (ou va chwazi **sa ki pran plis tan an**).**

Lè w ale kay doktè : Siy ki pou atire atansyon doktè a.

Pou TIMOUN:

- Li respire vit oubyen li gen pwobèm pou respire.
- Po li vle chanje koulè.
- Li pa bwè dlo ase.
- Li ap vomi tout tan.
- Li pa vle leve nan kabann li e li pa vle pran kontak ak lòt moun.
- Li pete rele souvan lè yo pote li.
- Sentòm yo amelyore epi yo retounen ak yon fyèv epi li rekòmanse touse plis.

Pou GRANMOUN:

- Li respire vit oubyen souf li kout.
- Doulè nan lestomak oubyen nan vant.
- Li toudi bridsoukou.
- Li ap konfonn bagay yo.
- Gwo vomisman san rete.
- Sentòm yo amelyore epi yo retounen ak yon fyèv epi li rekòmanse touse plis.